

Rezime nan modifikasyon ki pote nan règleman sou enpak dispwopòsyone ak diferan (“DI/DB Policy”) ak Plan sou Angajman Piblik (“PEP”)

Kisa Règleman DI/DB ye?

Lè MBTA pwopoze chanjman nan pri tikè yo oswa chanjman enpòtan nan sèvis, gouvènman federal la egzije MBTA pou fè yon analiz sou ekite. Nivo chanjman nan sèvis ki ta mande yon analiz, ak fason nou pral fè analiz la ak angaje piblik la sou li se yon pati nan règleman sa a. Règleman an detay sou fason nou mezire si chanjman yo pwopoze yo pral gen yon efè enjis sou minorite ak/oswa pasaje ki gen revni fèb. Règleman DI/DB a:

- Defini “gwo chanjman nan sèvis” pou idantifye lè yon analiz sou ekite obligatwa epi li di ke yon analiz obligatwa pou tout chanjman ki pwopoze sou pri tikè yo.
- Defini “efè negatif” pou idantifye kijan nou pral mezire enpak yon gwo chanjman nan sèvis yo sou pasaje minorite ak moun ki gen revni fèb.

MBTA ap pwopoze chanjman nan règleman an epi li vle tandè kòmantè w. Ou ka jwenn yon kopi plan an nan [insert weblink]. Vèsyon tradui yo disponib an Panyòl, Pòtigè, Chinwa, Vyetnamyen ak Ris, epi yo ka bay lòt tradiksyon sou demann.

Kijan MBTA aplike Règleman DI/DB a?

- Pou chak analiz ekite, nou mande:
 - a. Analiz sou Sèvis Ekite: Èske pasaje minorite ak/oswa sa ki gen revni fèb ap gen plis enpak akòz chanjman pri tikè yo pwopoze a?
 - b. Analiz sou Ekite nan Pri tikè: Èske pasaje minorite ak/oswa sa ki gen revni fèb ap gen plis enpak akòz chanjman pri tikè yo pwopoze a?
- Si chanjman an pral gen plis enpak sou pasaje minorite yo, yo rele sa yon konklizyon enpak diferan epi MBTA dwe eksplike bezwen chanjman an epi montre ke pa gen okenn altènativ efikas.
- Si chanjman an pral gen plis enpak sou pasaje minorite yo, yo rele sa yon konklizyon enpak diferan epi MBTA dwe eksplike bezwen chanjman an epi montre ke pa gen okenn altènativ efikas.
- MBTA pral angaje ak piblik la pandan tout pwosesis la pou asire ke benefis chanjman yo pwopoze yo depase nenpòt enkonvenyans potansyèl yo.

Ki Chanjman yo Pwopoze nan Règleman DI/DB yo?

1. Chanje non dokiman an " Règleman sou Ekite an matye de sèvis ak Chanjman sou Pri tikè" pou endike objektif règleman an pi klè epi amelyore konpreyansyon yo.
2. Redefini “chanjman nan gwo sèvis” pou konsidere efè rezo-a epi pou klarifye lè chanjman sèvis ak deranjman pa mande yon analiz sou ekite sèvis.
3. Amelyore metodoloji analiz sou ekite sèvis yon fason pou nou ka konsidere plis pasaje ki gen revni fèb epi pou nou gen rezilta ki pi fyab.

4. Endike sikonstans ki egzije yon analiz ekite sou pri tikè yo ak ki chanjman nan pri tikè yo ki egzante.
5. Dekri angajman piblik la ansanm avèk pwosesis apwobasyon Konsèy la pou nenpòt gwo chanjman nan sèvis oswa chanjman nan pri tikè.

Kisa Plan Angajman Piblik la ye (PEP)?

PEP a detaye ki kalite pwosesis, pwojè, ak desizyon piblik la ka enfluyansè atravè angajman yo ak responsablite nou nan pwosesis sa a. PEP a fèt an jeneral pou ede fòme yon relasyon enklizif ant MBTA ak baz pasajè divèsifye nou an.

Ou ka jwenn yon kopi plan PEP a nan [insert weblink]. Vèsyon tradui yo disponib an Panyòl, Pòtigè, Chinwa, Vyètnamyen ak Ris, epi yo ka bay lòt tradiksyon sou demann.

Ki Chanjman yo Pwopoze nan Plan Angajman Piblik la?

Revizyon klè nan PEP a se jan sa a:

1. Mizajou seksyon "Kontèks sou MBTA a" ak enfòmasyon aktyèl sou Konsèy Administrasyon MBTA a.
2. Klarifye prensip gid yo nan seksyon "Prensip Gid pou Angajman Piblik la", tankou espesifye "ekite" nan estrateji angajman nou yo pou rive jwenn divès manm nan kominote a.
3. Ajoute "Reyinyon Kominotè yo" kòm yon kalite angajman komen nan seksyon "Aktivite Kominotè ak Angajman".
4. "Angajman Piblik Vityèl" avèk detay sou ogmantasyon itilizasyon MBTA nan estrateji angajman piblik vityèl apre pandemi COVID-19 la.
5. Elaji seksyon sou "Aksesibilite ak Angajman Piblik" avèk enfòmasyon sou reyinyon piblik aksesib.
6. Ajoute langaj ki pi klè pou kolekte ak konsidere kòmantè piblik anvan yon ogmantasyon pri tikè (gade seksyon sou "Angajman Piblik Konsènan Chanjman nan Tarif").

Kijan mwen ka soumèt kòmantè sou chanjman ki pwopoze yo nan Règleman DI/DB ak PEP a?

Peryòd kòmantè piblik la louvri jiska minwi nan **Vandredi 14 Avril**. Nou ankouraje manm piblik la pou yo soumèt kòmantè sou chanjman ki endike anwo a. Yo pral aksepte kòmantè pandan aktivite piblik nou yo, ak pa lapòs, telefòn, ak imèl.

Reyinyon Piblik yo

Nou ap òganize reyinyon piblik nan mwa mas pou pataje chanjman yo pwopoze avèk ou, reponn kesyon ou yo, epi koute fidbak ou yo.

Madi 21 mas 2023 a 6pm

Kote: State Transportation Building, 10 Park Plaza, Boston, MA 02116 (ibrid atravè Zoom)

Yo pral bay entèprèt Chinwa ak Panyòl pou reyinyon sa a.

Mèkredi 22 mas 2023 a 6pm

Kote yo ye: QARI, 275 Hancock St, Suite 202, Quincy, MA 02171

Yo pral bay entèprèt Chinwa pou reyinyon sa a.

Madi 28 mas 2023 a 6pm

Kote: La Collaborativa, 318 Broadway, Chelsea, MA 02150

Yo pral bay entèprèt Panyòl pou reyinyon sa a.

Akomodasyon aksesiblite ak lòt sèvis lang yo ka bay sou demann, jan sa disponib.

Aprann plis sou chanjman yo ak fason pou bay fidbak sou **[mbta.com/draftpolicies](https://www.mbta.com/draftpolicies)**